

VRÈ DESKRIPSYON JEZI KRIS

Revelasyon 1:14 "Cheve nan tèt li te tankou lenn mouton, blan kou koton. Je l' menm te tankou de flanm dife;

v15 Pie l' yo te klere tankou kwiv yo poli apre yo fin chofe l' nan foj. Lè l' pale menm, vwa l' te tankou bri gwo dlo kap sot tonbe nan yon falèz."

Danyèl 10:6 "Ko l' te klere tankou yon woch poli. Figi l' te tankou zèklè. Je l' yo te klere tankou de moso chabon dife. Bra l' ak janm li yo te tankou kwiv yo te poli. Lè l' pale menm, se tankou si se te yon foul moun ki t'ap pale ansanm."

REVELASYON 1:14 / DANYÈL 10:6



APOT JAN AK PWOFFÈT DANYÈL DEKRI

JEZI KRIS tankou yon NOM NWA ak CHEVE LENN MOUTON!
Poukisa Krisyanis preche sou yon imaj moun blan Kokazyen?

APOT POL AVÈTI NOU SOU FO ANSÈYMAN YON LÒT JEZI.

2 Korent 11:4 "Mwen di sa paske mwen wè nou kite nenpòt ki moun vin fè nou konnen yon Jezi ki pa menm ak Jezi mwen te fè nou konnen an, epi nou pa di anyen. Mwen wè nou pare pou n'asepte yon lespri ak yon mesaj ki pa menm ni ak yon lespri Bondye a, ni ak bon nouvèl mwen te ban nou an."



CESARE BORGIA + LEONARDO DA VINCI = IMAJ BÈT LA! - TRASE DE CESARE BORGIA PA LEONARDO DA VINCI

Pandan epòk Renesans, alantou 1453, Leonardo Da Vinci te anplwaye pa Pè Alexandre VI de lavil Wòm, pou pentire pitit gason l' Cesare Borgia kom imaj Jezi Kris ke Bib la sijere.

Revelasyon 13:15 "Dezyèm bèt la resevwa pouvwa pou l' te fè estati premie bèt la tounen vivan. Konsa, estati a ka pale, li ka touye moun ki pa adore li."

http://en.wikipedia.org/wiki/Cesar_Borgia
Nan volim youn nan krim ki selebre, pè Alexandre Dumas di ke gen kèk foto de Jezi Kris ki te pwodui nan epòk lavi Borgia a, yo te baze sou Cesare Borgia, e ke se te imaj sa yo te pwodui ki enfluyans nan imaj Jezi Kris rive jouk jounen jodi a.

12 BRANCH FANMI PÈP IZRAYÈL JODI A

- | | |
|---------------------------|--------------------------------|
| 1. Jida (Ameriken Nwa) | 7. Riben (Endyen Seminòl) |
| 2. Benjamin (Zantiyè yo) | 8. Gad (Endyen Amerik di Nò) |
| 3. Levi (Ayisyen) | 9. Neftali (Ajentin ak Chile) |
| 4. Efrayim (Potoriken yo) | 10. Zabilon (Gwatemala/Panama) |
| 5. Manase (Kiben) | 11. Asè (Kolonbi/ Irigwe) |
| 6. Simeyon (Dominiken) | 12. Isaka (Endyen Meksiken) |

EZAYI 11:11 *DISPESE NAN LAFRIK AK ALETRANJE*

Yo bay fo imaj lan lavi Jezi Kris e Kreyen yo preche ke imaj sa pale pawòl Jezi Kris (Bib la). Listwa montre nou ke plizyè milyon mouri paske yo pat adore imaj sa. Sa te komanse depi peryòd Renesans lan, lavil Wòm ak Espay te voye moun tankou Kristòf Konlon, Hernan Cortèz, Ponce Deleon, Americus Vesspucci ak anpil lòt yo te vinn bann lame yo pou yo touye, fè tounen domestik ak andokrine swadizan Endyen yo ak Nwa yo (moun pèp Izrayèl yo), nan Krisyanis. Pwofesi sa ekri nan liv Som 83:1-5

IZRAYÈL INI NAN KRIS

WWW.ISRAELUNITE.ORG

YOUTUBE: IUIC HAITI EPI IUIC HAITI IN THE CLASSROOM

FACEBOOK: IUIC HAITI

OUKA CHÈCHE YON KOTE KI PRE POU
RASANBLE WWW.ISRAELUNITE.ORG/VISTORS/
POU PLUS ENFOMASYON OU POU VOYE DON YO,
EKRI: P.O. BOX 2695 NEW BURGH N.Y. 12550
RELE (855) 484-4842 EXT 7023